

University Medical Center of Princeton nan Plainsboro  
Plainsboro, New Jersey

<b>Tit la : Politik èd finansyè (FAP pou Financial Assistans Policy)</b>		<b>Kalite swen / sèvis : Sèvis finans pou pasyan yo</b>	
<b>Soumèt pa :</b> Carol Burkhead, direktris kont kliyan, sèvis finansyè pou pasyan	<b>Otorizasyon administratif :</b> Direktè egzekitif, jerans sik revni	<b>Dat efektif la :</b> 1 janvyè 2016	
		<b>Dat pwochen revizyon an :</b> Desanm 2016	
<b>Distribisyon :</b> Manyèl sou sik revni yo	<b>Otorizasyon komite a :</b> Pa genyen	<b>Ranplase :</b> Pa genyen	
		Paj 1 / 7	

I. Objektif

Pou asire University Medical Center of Princeton nan Plainsboro (“UMCP”) ak lopital li yo konfòm ak direktiv ki prezante nan Internal Revenue Service Regulation 130266-11, Internal Revenue Code Section 501(r), N.J.A.C. 10:52 e nan pwojè lwa New Jersey (S-1797/A-2609), Public Law 2008, Chapter 60 sou èd finansyè ki disponib pou pasyan ki resevwa sèvis ijan ki esansyèl osinon lòt sèvis swenyaj nesèsè.

II. Politik

UMCP obsève kritè pou avètisman pasyan yo sou sa ki konsène pwogram èd finansyè ki disponib, kondisyon kalifikasyon yo, kalkil sou montan ki chaje bay pasyan yo, metòd pou fè aplikasyon pou èd finansyè ak aksyon ki fèt sizoka peman pa fèt. UMCP obsève tout lwa Affordable Care Act ak direktiv State Charity Care. UMCP obsève lwa New Jersey sou sa ki konsène limit sou lwa rabousman moun ki pa gen asirans (pwojè lwa S-1797/A-2609).

UMCP ap founi, san pyès deskriminasyon, swen pou pèsonaj ki nan yon sitiyasyon medikal ijan kèlkeswa kalifikasyon èd finansyè moun lan ak si li nan mezi pou l peye. Se politik UMCP pou obeyi estanda Federal Emergency Medical Treatment and Active Labor Transport Act of 1986 (“EMTALA”).

Politik sa a pa kouvri travayè endepandan ki founi sèvis swen nesèsè ak/osinon swen ijan nan nenpòt lopital UMCP. Gen yon lis sou travayè endepandan sa yo (“lis founisè”) anvan ak FAP sa a kou Anèks A e l disponib sou sit entènèt UMCP a : [www.princetonhcs.org](http://www.princetonhcs.org). Lis founisè a presize ki founisè ki kouvri nan FAP sa a ak kilès ki pa kouvri. Lis founisè a ap revize chak trimès epi l ap mete ajou, depi l nesèsè.

III. Pwosedi ak kondisyon pou kalifye

Yon konseye èd finansyè UMCP ap triye tout pasyan pou detèmine si yo kalifye pou asirans anvan desizyon sou kalifikasyon FAP a fèt. Gen anba a pwogram pou èd finansyè ki disponib

nan FAP sa a pou pèsonaj ki kalifye.

- **Medicaid ;**
- **New Jersey FamilyCare ;**
- **New Jersey Hospital Care Payment Assistance Program (“Charity Care”) ;**
- **New Jersey Uninsured Discount ;**
- **Catastrophic Illness in Children’s Relief Fund ;**
- **The NJ Victims of Crime Compensation Office ; e**
- **Moun ki faktirize an jeneral (AGB pou Amounts Generally Billed)**

*Kondisyon pou kalifye :*

### **Medicaid**

Medicaid founi kouvèti medikal bay milyon ameriken, an kontan timoun, fanm ansent, papa ak manman, granmoun ak pèsonaj andikape. An jeneral, pou pwogram benefis sa a, yon pasyan fèt pou 1 sitwayen Etazini, etranje ki legal osinon ki gen rezidans nan peyi a , epi yon revni ba. Lèfini, pasyan yo fèt pou yo abite eta New Jersey.Gen diferan sòt Medicaid ki disponib nan New Jersey Department of Health. Konseye finansyè UMCP yo ap detèmine kalifikasyon dapre sikonstans chak pasyan.

### **NJ FamilyCare**

NJ Family Care se pwogram asirans medikal New Jersey piblik la finanse e ki konte CHIP, Medicaid ak popilasyon ekspansyon Medicaid. NJ Family Care se yon pwogram asirans medikal ki finanse pa gouvènman federal epi eta a ki tabli pou ede moun nan tout laj e ki abite New Jersey jwenn asirans maladi ki abòdab. NJ Family Care se pou moun ki pa gen asirans nan travay.

Kalifikasyon finansyè pou pèsonaj k ap chèche kalifikasyon pou NJ Family Care ap baze sou revni brit ajiste ki modifiye (MAGI pou Modified Adjusted Gross Income). Se gouvènman eta New Jersey a ki tabli direktiv pou sa kalifye pou NJFamilyCare e yo disponib nan [www.NJFamilyCare.org](http://www.NJFamilyCare.org). Yon pasyan gendwa kalifye pou NJFamilyCare yon sèl grenn lè nan yon peryòd douz mwa.

### **Charity Care**

Èd Charity Care (charite pou swen) se yon swen gratis osinon abapri ki disponib pou pasyan ki resevwa sèvis kou pasyan entèn epi pasyan rantre soti nan lopital pou swen ijan atravè eta New Jersey a. Rabè Charity Care konfòm ak règleman ki tabli nan NJAC 10:52, Subchapters 11, 12, 13.

Charity Care disponib pou tout moun ki rete New Jersey ki :

1. Pa gen asirans medikal osinon gen asirans ki peye pou yon pati nan fakti medikal la ;
2. Pa kalifye pou okenn kouvèti parennen pa sektè prive epi gouvènmantal (tankou Medicaid) : e
3. Satisfè kritè revni ak byen ki dekri pi devan an.

Charity Care disponib pou moun ki pa kalifye pou pwogram federal osinon eta a.

Kritè pou revni - Pasyan ki gen revni fanmi pa yo a swa pi ba oswa egal 200% nan direktiv federal sou povrete (FPG pou Federal Poverty Guidelines) kalifye pou 100% kouvèti charite pou swen a. Pasyan ki gen revni fanmi pa yo ki pi plis pase 200% men swa pi ba pase oswa egal 300% nan FPG kalifye pou yon rabè sou swen dapre pwogram Charity Care la. Frè gratis oswa nan rabè detèmine dapre klasman frè sa a :

<b>Revni kou pousantaj Direktiv pou revni povrete HHS</b>	<b>Pousantaj Medicaid To pasyan peye</b>
Pi ba osinon egal 200%	0% nan to Medicaid
Pi plis pase 200% men pi ba osinon egal 225%	20% nan to Medicaid
Pi plis pase 225% men pi ba osinon egal 250%	40% nan to Medicaid
Pi plis pase 250% men pi ba osinon egal 275%	60% nan to Medicaid
Pi plis pase 275% men pi ba osinon egal 300%	80% nan to Medicaid
Pi plis pase 300%	Gen rabè sou to pou moun ki san asirans

Kritè sou byen yo - Byen patikilye yon pasyan pa gendwa plis pase \$7.500 epi byen fanmi a pa gendwa plis pase \$15.000 nan dat sèvis la pou sa kalifye.

Charity Care gendwa disponib pou moun ki pa abite New Jersey, soumi nan pwovizyon patikilye (tankou sityasyon medikal ijan).

Charity Care disponib sèl pou swen lopital ijan osinon lòt swen lopital nesèsè. Kèk sèvis tankou frè doktè, frè anestezyoloji, ak entèpretasyon radyoloji apade frè lopital e gendwa pa kalifye pou rediksyon. Tanpri gade lis founisè a ki prezante nan Section II FAP sa a epi ki nan Sipleman A a tou.

### **New Jersey Uninsured Discount**

New Jersey Uninsured Discount (Lwa NJ - pwojè lwa S-1797/A-2609) disponib pou pasyan ki pa gen asirans e ki gen revni fanmi pa yo a ki pi piti pase 500% nan FPG a. Toutfw, UMCP eli pou aplike rabè sa a pou tout pasyan ki pa gen asirans kèlkeswa nivo revni pa yo a ak kote yo abite. UMCP ofri yon to o rabè pou tout pèsonaj ki pa gen asirans. Nan pwogram sa a, tout pasyan ki kalifye ap gen pou yo peye yon montan ki pa plis pase 115% nan orè frè Medicare la. Limit faktirasyon pou moun ki pa gen asirans konfòmman ak NJ P.L.2008 c60.

### **Catastrophic Illness in Children's Relief Fund**

Catastrophic Illness in Children Relief Fund founi èd finansyè bay fanmi timoun ki gen yon maladi katastwofik.

Pou kalifye, frè lopital yo dwe pi plis pase 10% revni brit fanmi a, plis 15% nenpòt revni siplemanèt ki plis pase \$100.000, timoun lan fèt pou l gen 21 an osinon se pou l pi jèn nan moman frè medikal yo e fanmi a dwe pou l abite New Jersey pou 3 mwa toujis anvan dat aplikasyon an. Enfòmasyon siplemanèt kapab lokalize sou sit entènèt annaprè a : [www.state.nj.us/humanservices/cicrf/home](http://www.state.nj.us/humanservices/cicrf/home).

### **New Jersey Victims of Crime Compensation Office**

Eta New Jersey a tabli New Jersey Victims of Crime Compensation Office a pou dedomaje viktim krim pou pèt ak depans, an kontan kèk depans medikal ki rive poutèt kèk zak kriminèl.

Pou kalifye pou New Jersey Victims of Crime Compensation Office, krim lan fèt pou l te rive nan New Jersey osinon li dwe pou l konsène moun ki abite New Jersey ki viktimize andeyò eta New Jersey a, viktim lan gen pou l fè rapò sou krim lan bay lapolis sou 9 mwa e viktim lan gen pou l kolabore avèk ankèt la epi avèk pwosekisyon krim lan. Demann lan fèt pou l klase sou 3 lane aprè dat krim lan e pasyan an fèt pou l yon inosan viktim pou krim lan. Enfòmasyon siplemantè kapab jwenn nan [www.nj.gov/oag/njvictims/index.html](http://www.nj.gov/oag/njvictims/index.html).

#### **Montan ki faktirize an jeneral (AGB pou Amount Generally Billed)**

Daprè Internal Revenue Code §501(r)(5), nan sitiyasyon ijan osinon lòt swen nesèsè, pasyan ki kalifye pou FAP p ap faktirize pou plis pase yon pèsanaj ki gen asirans ki kouvri swen sanblab.

Tout pasyan ki kalifye pou èd dapre FAP a gendwa kalifye pou rabè sa a. Sa konte pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki pa gen ase asirans si revni brit fanmi yo pi plis pase 200% men mwens pase osinon egal 300% nan FPG.

#### **IV. Kalkil montan ki chaje bay pasyan yo**

UMCP adopte metòd "Look-Back" la pou kalkil pousantaj ABG li. Pousantaj ABG a kalkile chak lane baze sou tout demann ki pèmèt pa Medicare-Fee-for-Service (Medicare frè pou sèvis) + Asirans medikal prive pou plis pase yon peryòd 12 mwa, divize pa frè brit ki asosye avèk demann sa yo.

Enfòmasyon siplemantè ki koresponn ak pousantaj ABG a, ak kijan pousantaj sa a te kalkile, disponib depi demann lan fèt.

Nenpòt pèsanaj ki detèmine pou li kalifye pou FAP p ap mande pou l peye plis pase AGB pou sèvis swenyaj nan ijans osinon lòt ki ta nesèsè dapre Internal Revenue Code §501(r)(5). % AGB ki aplikab la ap aplike nan frè brit la pou detèmine AGB a.

Nenpòt pèsanaj ki kalifye pou FAP ap toujou gen pou peye pi piti AGB a osinon nenpòt to o rabè ki disponib nan FAP sa a.

#### **V. Metòd pou fè aplikasyon pou èd finansyè**

UMCP obsève kondisyon sou avètisman pasyan an sou pwogram èd finansyè ki disponib pou pasyan ki kalifye pou èd finansyè.

Tout pèsanaj ki pa gen asirans, kèlkeswa nivo revni yo osinon estati rezidans yo, kalifye pou yon resevwa rabè New Jersey pou moun ki pa gen asirans.

Yon demann pou Charity Care ak yon desizyon sou bezwen finansyè gendwa fèt nenpòt lè nan sik revni a. Kalifikasyon se pou dat sèvis la ak kantite tan kalifikasyon an baze sou kalite charite ki resevwa. Pasyan ki satisfè kritè kalifikasyon pou Chairity Care la dwe pou yo soumèt yon aplikasyon ki konplè. Yon aplikasyon konplè dwe pou l vin ansanm ak dokimantasyon obligatwa ki make sou lis obligasyon UMCP a ki se yon dokiman apa ki disponib depi demann lan fèt epi ki make sou sit entènèt UMCP. [www.princetonhcs.org](http://www.princetonhcs.org).

Dokimantasyon obligatwa a dwe pou yo soumèt ansanm ak yon aplikasyon konplè pou èd swen nan lopital New Jersey pou patisipasyon ("aplikasyon").

Swa moun ki fè aplikasyon an oswa pati responsab la gendwa soumèt yon aplikasyon konplè pou

dezisyon sou Charity Care osinon frè Charity Care redwi nenpòt lè jouk nan yon lane (365 jou) aprè dat sèvis la osinon 240 jou aprè dat premye fakti aprè egzeyat la ; kèlkeswa sa ki pi gran an.

Desizyon sou èd finansyè ap fèt o pi vit posib ; moun ki fè aplikasyon an ap avize alekri sou 10 jou ouvrab aprè dat aplikasyon konplè a resevwa. Si aplikasyon an pa gen ase dokimantasyon pou pran yon desizyon sou kalifikasyon FAP, aplikasyon ap konsidere pou l enkonplè. Si gen yon aplikasyon enkonplè ki resevwa, moun ki fè aplikasyon an ap avize alekri sou 10 jou ouvrab. Avètisman alekri sa a ap dekri enfòmasyon siplemantè ak/osinon dokimantasyon nesèsè pou pran desizyon sou kalifikasyon FAP a, epi yon kopi Rezime nan langaj senp (PLS pou Plain Language Summary) UMCP a ki eksplike nan Section VI FAP a. Pasyan yo ap gen yon peryòd tan rezonab ; 30 jou, pou yo founi dokimantasyon siplemantè ki mande yo. Lèfini, UMCP osinon nenpòt lòt pati ki aji onon yomenm, ap sispann aksyon rekouvremant ekstraòdinè (ECA pou Extraordinary Collection Actions), defini nan Section VII nan FAP sa a, pou jwenn peman kounye a jouk tan desizyon sou kalifikasyon FAP fèt. Moun ki fè aplikasyon pou Charity Care ki pa aksepte ap avize alekri sou rezon ki fè li p ap aksepte l epi l ap enfòm sou disponiblite lòt rabè ki disponib nan FAP sa a.

Aplikasyon an ak enfòmasyon sou kijan pou kominike avèk depatman an disponib sou sit entènèt UMCP a (<http://www.princetonhcs.org>) osinon kapab fè demann pou yo voye l pa lapòs, nan vizit anchè e annòs osinon nan yon randevou avèk konseye finansyè a.

Pou fè demann lan pou yon aplikasyon pa lapòs osinon pou pran yon randevou avèk yon konseye finansyè, yon pasyan gendwa rele nimewo (609) 853-7852.

Kopi sou papyè gendwa disponib gratis nan Patient Access Services UMCP, ki sitiye nan :

University Medical Center of Princeton  
One Plainsboro Road  
Plainsboro, NJ 08536

Patient Access Services la sitiye prè Atrium ki nan Centers of Care. Orè ouvèti se lendi pou vandredi ant 7:30 am a 4:00 pm.

Aplikasyon konplè (an kontan dokimantasyon obligatwa) dwe swa voye pa lapòs osinon nan livrezon anchè e annòs bay :

University Medical Center of Princeton  
Patient Access Services, Financial Counselor  
One Plainsboro Road, Office # T1144  
Plainsboro, NJ 08536

Infwa pasyan an soumèt yon aplikasyon konplè, UMCP a ap :

1. Sispann tout ECA kont pèsonaj la (nenpòt twazyèm pati ki aji onon UMCP ap sispann tou ECA ki reyalize) ;
2. Fè epi dokimante yon desizyon pou kalifikasyon pou FAP nan yon tan rezonab ;  
e
3. Avize pati osinon pèsonaj responsab la alekri sou desizyon an ak baz desizyon an.

Si yon pasyan jije kalifye pou FAP, UMCP ap :

1. Founi yon relve sou faktirasyon ki gen montan pèsounaj ki kalifye pou FAP la dwe, kijan montan sa te detèmine ak kijan enfòmasyon ki koresponn ak AGB a gendwa jwenn ;
2. Ranbouse nenpòt peman siplemantè pèsounaj la peye ; epi
3. Kolabore avèk twazyèm pati ki aji onon UMCP pou pran tout mezi disponib ki rezonab pou gen envès tout ECA ki fèt sou pasyan an pou sa rekouvri yon dèt.

VI. Mezi pou pibliye lajman FAP, aplikasyon ak PLS yo

UMCP kreye yon PLS nan FAP sa a. Yon PLS se yon deklarasyon alekri ki avize yon pèsounaj ke lopital la ofri èd finansyè dapre FAP a epi founi enfòmasyon siplemantè nan lang ki toutaklè, brèf, epi fasil pou konprann.

FAP UMCP a, aplikasyon ak PLS la disponib nan lang anglè epi nan lang prensipal popilasyon ki pa fò nan anglè (LEP pou Limited English Proficiency) ki konpoze mwens pase 1.000 pèsounaj osinon 5% nan zòn sèvis prensipal UMCP. Lèfini, UMCP founi sèvis entèprètasyon ak tradiksyon, epi l founi enfòmasyon bay pasyan ki gen difikiltè pou wè, twoub langaj, tanman di osinon pwoblèm koyitif nan yon manyè ki satisfè bezwen pasyan an.

FAP, aplikasyon ak PLS yo afiche sou sit entènèt UMCP a : <http://www.princetonhcs.org>, epi disponib gratis, depi demann lan fèt. Kopi sou papye disponib tou nan diferan seksyon atravè lopital la, ki se depatman swen ijan an ak depatman admisyon / anrejistreman yo.

Afich osinon etalaj, pou enfòmasyon pasyan nou yo sou disponiblite èd finansyè, afiche nan sal dijans ak nan depatman admisyon / anrejistreman yo. Afich sa yo afiche nan lang anglè ak panyòl.

Tout pasyan ap ofri yon kopi PLS kou pati nan pwosede premye antrevi a osinon egzeyat la.

Disponiblite tout pwogram yo parèt sou relve faktirasyon yo. Chak relve faktirasyon gen ladan l avi notab alekri ki enfòmasyon moun ki resevwa l sou disponiblite èd finansyè. Deklarasyon an genyen tou sit entènèt la kote yon pèsounaj gendwa jwenn kopi pou FAP, aplikasyon ak PLS. Lèfini, li gen ladan l nimewo telefòn pasyan yo kapab rele si yo gen kesyon yo ta renmen poze sou sa ki konsène disponiblite èd finansyè ak pwosede aplikasyon an.

Nan efò pou asire kominote UMCP sèvi okouran pwogram èd finansyè ki disponib dapre FAP sa a, UMCP disemine enfòmasyon bay kominote a atravè depatman edikatif kominotè li a.

VII. Faktirasyon ak rekouvremant

Depatman sèvis finansyè pou pasyan an (PFS pou Patient Financial Services) ap konfòme ak tout règleman epi estanda federal, eta, lokal ak PFS konsidere kou kontra defason pou asire jesyon legal epi kòm sadwa. Sa anglobe, men se pa sèlman, sa ki annapre a la :

1. Pwosedi pou faktirasyon, toulède asirans ak pasyan ki entènè ;
2. Rekouvremant, toulède movèz dèt ak movèz dèt pou Medicare ;
3. Rekouvremant movèz dèt, toulède movèz dèt "nòminal" ak movèz dèt pou Medicare ; e
4. Kenbe konfidansyalite ak sekirite Enfòmasyon medikal ki pwoteje (PHI pou Protected Health Information).

UMCP pa p patisipe nan okenn aksyon ki dekouraje pèsounaj pou yo chèche swen medikal nan ijans, tankou oblije pasyan depatman swen ijan an peye anvan yo resevwa tretman pou kondisyon medikal ijan osinon pèmèt aktivite rekouvremant dèt nan depatman swen ijan an osinon lòt zòn

kote aktivite parèy gendwa gen yon entèferans avèk pwovizyon swen ijan dapre yon baz san diskriminasyon.

UMCP sèvi acèk desizyon kalifikasyon ki prezime pou pasyan nan depatman swen ijan li a ak nan klinik matènite li a. Si yon pasyan detèmine pou l kalifye pou mwens pase pifò asirans jenere ki disponib nan FAP, UMCP ap avize pasyan an, alekri, sou sa ki konsène baz pou detèmine kalifikasyon èd finansyè ki prezime a ak kijan yo gendwa fè aplikasyon pou èd ki pi jenere toujou. Yon kopi PLS la ap founi tou nan sitiasyon sa yo.

UMCP pa fè okenn ECA ki defini dapre Internal Revenue Code §501(r)(6) la anvan "peryòd avètisman" an ekspire. Peryòd avètisman an defini kou yon peryòd 120 jou, ki kòmanse nan dat premye fakti apre egzeyat nan lopital la, kote pyès ECA gendwa kòmanse kont pasyan an.

An swivan peryòd avètisman UMCP a, osinon nenpòt ki twazyèm pati ki aji pou yo, gendwa kòmanse ECA swivan yo pou yon pasyan ki gen yon montan ki pa peye si pasyan an swa pa aplike pou oswa pa kalifye pou èd finansyè :

1. Fè rapò sou enfòmasyon avès sou pèsònaj la bay ajans ki fè rapò sou kredi konsomatè osinon biwo kredi ;
2. Plasman yon dwa peman sou pwopriyete yon pèsònaj ;
3. Poze sele pwopriyete yon pèsònaj ;
4. Kòmanse ak yon aksyon sivil sou yon pèsònaj ; e
5. Lepoukwa yon pèsònaj vin sijè yon zak sezi kòporèl.

UMCP gendwa otorize twazyèm pati pou kòmanse ECA pou kont pasyan ki gen reta nan peman apre peryòd avètisman an. UMCP ap asire efò rezonab te pran pou detèmine si yon pèsònaj kalifye oubyen pa kalifye pou èd finansyè dapre FAP sa a. UMCP ap mete men alapat sou sa yo omwen 30 jou anvan kòmansman nenpòt ECA :

1. Pasyan an resevwa avi alekri ki :
  - a. Endike èd finansyè disponib pou pasyan ki kalifye ;
  - b. Idantifye ECA ke UMCP gen lentansyon kòmanse pou jwenn peman pou swen an ; e
  - c. Bay yon dènye delè kote ECA sa yo gendwa anvigè aprèsa.
2. Pasyan an resevwa yon kopi PLS la avèk avètisman alekri sa a ; e
3. Gen efò rezonab ki fèt pou avèti pèsònaj la aloral sou FAP a ak sou kijan endividi a gendwa jwenn èd nan pwosede aplikasyon pou èd finansyè a.